Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан кинодокументалисткасында нағыз дөретиўши ушын - жазаман, айтаман, көрсетемен, дейтуғын әҳмийетли темалар жүдә көп. Оларды таңлай билиўи, тәрбиялық әҳмийетке ийе теманы излеўи ҳәм оны раўажландырыўы киносценаристтиң шеберлигине байланыслы мәселе екенлигин айтып өтпекшимиз.

Кино өнеринде характер жаратыў мәселесинде үш бирликтиң биреўин тәмийинлеўши режиссёр қәбилети де шешиўши орынға ийе. Белгили ҳәм талантлы режиссёр Г.Товстоноговтың: "Театр актёрды тәрбиялайды ҳәм қәлиплестиреди, кино болса эксплуатация етеди [3] деген пикирине итибар қаратсақ, қарақалпақ көркем өнеринде талантлы театр актёрлары ансамбли көплеп өсип жетилискен. Тек оларды кино актёрлық өнеринде шыңландырып турыў зәрүрлиги бар ҳәм бул тиккелей кино режиссёр менен байланыслы. Режиссёрдың актёрлардан дурыс пайдалана алыўы, оларды түрли роллерде шынықтыра алыўы болса режиссёрдың қәбилетине, талантына байланыслы. Бул миллий характерлер жаратыўда жаңа изленислердиң дурыс жолға қойылыўы ең дәслеп киносценарист пенен режиссёрдың соңынан, кинonың яғный қарақалпақ миллий киносының раўажаланыўы ушын үлкен қәдемди баслап береди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. С.Абулқосимова. «Кино санъати асослари» –Т.: 2010.
2. О.Даюмов. Чет эл адабиёти тарихи. -Т.: Ўқитувчи, 1999.
3. Т.Турсунов. Саҳна ва замон. -Т.: Янги аср авлоди, 2007.
4. Ш.Нусратова. "Бадиий асар тахлили", ўқув қулланма. –Т.: "Fan ziyosi" нашриёти. 2023.
5. "Қарақалпақфильм" архив материаллары.



**РЕЗЮМЕ**. Қорақалпоқ кинодокументалистикасида кўтарилган муаммолар, ижодий жараёндаги изланишлар бугунги кунда ўрганишни талаб этади. Қорақалпоқ киносида миллий замонавий кўринишлар тасвирланган филмларда характер яратиш масалалари ҳар тамонлама ўрганилиб, мақолада бадиий филмлар таҳлил этилди.

**РЕЗЮМЕ.** Проблемы, поднятые в каракалпакском кинодокументалистике, исследования творческого процесса требуют изучения и сегодня. В каракалпакском кинематографе подробно изучены вопросы создания персонажей в фильмах, отражающих современные национальные взгляды, а также в статье проанализированы художественные фильмы.

**SUMMARY.** The problems raised in Karakalpak documentary filmmaking and research into the creative process require study today. In Karakalpak cinema, the issues of creating characters in films that reflect modern national views are studied in detail, and feature films are also analyzed in the article.


## QARAQALPAQ TEATR REJISSURASÍ
## (Quwırshaq teatrı rejissyorı M.Begimov mısalında)


**T.Seitnazarova** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanısh sózler**: teatr, rejissyor, quwırshaq, spektakl, aktyor.
**Ключевые слова**: театр, режиссёр, кукла, спектакль.
**Key words**: theatre, director, puppet, play, actor.


Jas tamashagóydiń kórkem ónerge bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń artıwı eń dáslep quwırshaq teatrınan baslanadı. Hár qıylı xarakterge iye bolǵan quwırshaq personajları jas tamashagóylerdi ómir jumbaqları ústinde bas qatırıwǵa shaqıradı. Sonlıqtanda, olar bul dárgayǵa tez-tez kelip, jumbaqlarına usı jerden juwap tabadı. Jas áwladtı hár tárepleme kámalǵa keliwinde hám onı jetik insan bolıp tárbiyasında da quwırshaq teatrınıń ornı áhmiyetli esaplanadı.

Usınday iygilikli isler jolında miynet etip kiyatırǵan Qaraqalpaq mámleketlik Quwırshaq teatrı 1990-jılı 27-fevralda №50/2-sanlı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı hám Ózbekstan Respublikası mádeniyat hám sport isleri ministrliginiń 1990-jılǵı 5-aprel №115-sanlı buyrıǵına tiykarlanıp ashıldı. Mine, usı waqıt dawamında júzge jaqın quwırshaq spektakllerin saxnalastırıp, respublikamız kóleminde ótkerilip kiyatırǵan hár qıylı dástúriy

festivallarǵa óziniń dóretiwshilik jumısları menen belsene qatnasıp, joqarı nátiyjelerge erisip kelmekte. Bul maqalada teatrdıń joqarı nátiyjelerge erisiwinde óziniń salmaqlı ornına iye rejissyorı Murat Begimovtıń dóretiwshilik jolı, rejissyorlıq miynetleri haqqında sóz etpekshimiz.

M.Begimov 1957-jılı Nókis qalasında tuwılǵan. Balalıǵında balalar baqshasında "Теневой кукольный театр" yaǵnıy kólenke járdeminde spektakl qoyatuǵın quwırshaq teatr jámááti kelip, rejissura kásibine bolǵan qızıǵıwshılıǵın oyattı. Mektep waqtınan baslap dramaturg X.Husayniydiń "Aldar kóse" spektaklin tamashalap kórkem óner tarawına bolǵan qızıǵıwshılıǵı arttı. Nókis qalasında jaylasqan Japaq Shamuratov atındaǵı mádeniyat hám kórkem óner bilim jurtınıń "Xoreografiya" bólimine oqıwǵa kirip, 1976-jılı házirgi Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń balet trupasına jumısqa kiredi hám usı jerde "Híjdan", "Jaralı júrekler" spektakllerinde roller atqarıp shıǵadı.

Aktyorlıq sırların tereńlestiriw maqsetinde M.Begimov Mádreyim Mátjanov, Xalmurat Saparov, Sapargúl Áwezova sıyaqlı ustazlardan sabaq alǵan. Quwatbay To'reniyazov, Azat Sharipovlardan rejissyorlıq hám aktyorlıq kórkem ónerinen tereń bilim aldı. 1980-1981-jılları Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasında asistent-rejissyor lawazımında jumıs baslaǵan Murat Begimov ustazları Alpısbay Qayıpov, Uzaqbay Jálimbetov, Bazarbay Dagarov, Keńesbay Isabaevlardan televidenie rejissyorlıǵın qunt penen úyrendi. Sol jılları kishi jastaǵı balalar ushın kóplegen qızıqlı kórsetiwler tayarlap, kishi jastaǵı teletamashagóylerge usınadı. Sol waqıtları Nókis qalasındaǵı Maksim Gorkiy atındaǵı mektepte háweskerlik dógeregi qatnasıwshıları tárepinen "Bilmesbaydıń basınan keshirgenleri" atı spektakldi tamashalaǵan bolajaq jas rejissyordıń júreginde quwırshaq teatrına degen qızıǵıwshılıq oyanadı. Solay etip, bul tarawdi tereń úyreniwge kirisedi. 1982-jıl Tashkentte Ostrovskiy atındaǵı Teatr hám súwretshilik institutınıń "Quwırshaq teatr aktyorlıǵı" qánigeligine oqıwǵa kirdi. 1986-jılı oqıwdı tabıslı tamamladı.

Bul dárgayda Vladimr Yogelsin, Marat Taxwatdinov, Bermet Saydova sıyaqlı ustazlardan quwırshaq teatrı kórkem ónerinen tereń bilim aldı. Oqıw waqtında ol quwırshaq aktyorlıǵı, quwırshaq jasaw hám háreketke keltiriw sırların úyrendi. Sonıń menen birge, Murat Begimov qazaqstanlı belgili quwırshaq teatrı rejissyorı Bekpolat Pármanovtan quwırshaq teatr rejissyorlıǵı tarawına baylanıslı bilimlerdi iyeledi.

M.Begimov 1986-jılı házirgi qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrında aktyor sıpatında jumıs islep baslaydı. Dóretiwshiligi dawamında K.Karimovtıń "Altın teńge" spektaklinde bay rolin hám Chepoveckiydiń "Masqarabaz aǵanıń kúlkisi" spektaklinde ajaǵa rolin sheberlik penen atqarıp shıqtı. 1987-jıldan baslap M.Begimov Nókis qalasindaǵı 7-sanlı mádeniyat úyinde direktor lawazımında isledi. 1995-1997-jılları Tashkent mámleketlik Teatr hám súwretshilik institutınıń "Quwırshaq teatr rejissyorlıǵı" baǵdarın tabıslı tamamlap, 1990-jılı Qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrında jumıs isleydi. 2010-2014-jılları Qaraqalpaqstan Televideniesinde "Ertekler eline sayaxat" kórsetiwi arqalı balalarǵa bir-birinen qızıqlı erteklerdi aytıp berip, kishkene teletamashagóylerdiń ertek aytatın atasına aylandı.

M.Begimov avtorlıǵında "Sadıq doslar", "Tasbaqa, Taskene hám túlki", "Batır qoyan", "Seyqırlı qońıraw", "Bódene menen túlki", "Atamnan qalǵan miyras", "Altın biyday", "Shopan bala", "Sawǵa", "Aq qoyannıń hiyleleri", "Aldar kóse" (M.Begimov inscinerovkası) hám basqa da kóplegen spektakller saxnalastırdı.

Ol ózi jazǵan pyiessalardı sonıń menen birge, basqa millet ádebiyatı wákilleriniń shıǵarmaların da saxnalastırdı. Atap aytqanda, Polivanovanıń "Ayıwdıń kewilli balalari", G.Gurievichtiń "Ǵazdıń palapanları", "Qorıqshı hám láylektiń palapanları", Hayitmat Rasuldiń "Sıyqırlı qosıq" sıyaqlı spektakllerin atap ótiw orınlı. 2005-jılı M.Begimov P.Aytmuratovtıń "Atam aytqan ápsana" spektakli menen Buxara qalasında ótkerilgen Quwırshaq teatrlarınıń VII festivalında "Eń jaqsı balalar dramaturgi" nominaciyasına múnásip dep tabıldı. 2009-jıl P.Aytmuratov penen birgelikte "Sahradaǵı doslıq" spektakli menen Ózbekstan kóleminde ótkerilgen VIII dástúriy festivalında eń áhmiyetli mashqalalardı kórsetip bergeni ushın "Eń aktual tema" nominatsiyasına múnasip dep tabıldı. 2018-jıl M.Begimov Qaraqalpaq xalıq dástanı tiykarında jazılǵan "Qırq qız" spektaklin saxnalastırdı hám Tashkent qalasında ótkerilgen Respublikalıq quwırshaq teatrlarınıń dástúriy XI festivalına qatnasıp, sıylı 3-orındı iyeledi. Solay etip, qaraqalpaq mádeniyatın quwırshaq járdeminde janlandırdı.

Ol óziniń dóretiwshiligi dawanında Qaraqalpaq mámleketlik quwırshaq teatrında bas rejissyor sıpatında jemisli miynet etti. Ol shákirtlerine quwırshaq kórkem óneri, aktyorlıq hám rejissyorlıq tarawları boyınsha óz bilimlerin úyretip, teatr jámáátine ustazlıq etip kelmekte. "Rejissyor–xoreografiya, muzika, dramaturgiya

tarawlarınan xabardar bolıwı kerek. Sonıń menen birge, insanlardıń ishki keshirmelerin túr-túsinen biliw ónerin de iyelewi kerek.

Hár bir spektakldi saxnalastırıwdan aldın jańadan-jańa pikirlerge tayanǵan halda qızǵın tayarlıq kóriwi kerek. Ol hámme menen teńdey jumıs islep, hár bir aktyordıń ishki keshirmelerin tu'siniwi hám túsindire alıwı kerek. Rejissyor tayarlıq waqtında hámmenı bir maqset jolında birlestire alatuǵın ullı jetekshi bolıwı kerek. Ol aktyorlardıń talantınan, pikirlewin bir adım aldında júriwi kerek…" bul pikirler Murat Begimovtıń tájiriybesinen kelip shiǵıp aytılǵan sózler.

Prezidentimiz tárepinen M.Begimovtıń Qaraqalpaq quwırshaq teatrı milliy mádeniyatımızdı jetilistiriw jolındaǵı miynetlerin esapqa alıp, 2019-jılı "Doslıq" ordeni menen sıylıqlandı.

Juwmaqlap aytqanda, zamanagóy quwırshaq teatrınıń spektaklleri jas tamashagóylerge túsinikli, janr jaǵınan ráńbáreń, zaman talabına juwap bere alatuǵın, tolıq mazmunlı, ideyalıq jaǵınan jetik shıǵarmalar bolsa maqsetke muwapıq bolar edi. Bir sóz benen aytqanda, zamanagóy quwırshaq teatrı óneri ǵárezsiz Ózbekstannıń keleshegi bolǵan jas áwladtıń dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriwde, jaslardı Watanǵa sadıqlıq, ruwxıy bárkamal hám hár tárepleme jetik insanlar etip tárbiyalawda ózine tán tákirarlanbas áhmiyetke iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. D.Abdullaev, L.Usmanov. "Quwırshaq basqarıw tiykarları" Tashkent-2024. "Ilm-Ziyo-Zakovat".
2. Qodirov M., Qodirova S. Qo'g'irchoq teatri tarixi. – Toshkent: Talqin, 2006.
3. krmadeniyat.uz saytı.

**REZYUME.** Ushbu maqolada Qoraqalpoq qo'g'irchoq teatrida bir necha yillar davomida fidokorona faoliyat ko'rsatgan rejissyor Murat Begimovning hayoti va ijodi haqida so'z yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о жизни и творчестве режиссера Мурата Бегимова, который самоотверженно работал в Каракалпакском кукольном театре в течение нескольких лет.

**SUMMARY.** This article tells about the life and work of director Murat Begimov, who worked selflessly at the Karakalpak puppet theater for several years.

## АРАЛ БОЙЫ ЭКОЛОГИЯСЫ ТЕМАСЫН ҲҮЖЖЕТЛИ КИНОДА СӘЎЛЕЛЕНДИРИЎ ФОРМАСЫ

**Тажадинова Гулжахан** – *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** экология, фильм, кино, тасвирли лента, кинокадр, план, ракурс.
**Ключевые слова**: экология, фильм, кино, фотолента, кинокадр, план, ракурс.
**Key words:** ecology, film, cinema, photographic tape, film frame, plan, angle.

Қарақалпақстан кинодокументалистлери Арал теңизи ҳәм Арал бойы экологиясын экран арқалы публицистикалық сәўлелендириўде бир қатар унамлы нәтийжелерге ерисги.

Барлық фильмлер ушын улыўма әҳмийетке ийе болған қурғақшылық темасы авторлар тәрепинен публицистикалық формада тамашагөйлер жақсы қабыл ететуғын, суўға жақын ямаса оған қарама-қарсы образлар, мысалы теңиз, кеме, экипаж, саҳра, түйе, түлки, қасқыр, шөлистан, қумлық, жантақ, сексеўил, ана сүти, кепкен еринлер, жап, шелек, қуман, кесе, фляга ҳәм тағы басқа образлар арқалы бериледи. Фильмлерде турақлы түрде ушырасатуғын кадр – қаҳарманлардың алысқа көз жиберип, ушы-қыйырсыз қумлықларға тигилген нәзери бул фундаменталлық машқала – суў жоқлығы мәселесин шешиўдиң илажы жоқлығын билдиреди ҳәм бул мәселе миллионлаған фильм тамашагөйлерин ойға салады.

Кино шығармалары формасына тийисли жоқары нәтийже туўры ўақыя болып атырған орын менен ўақыяның өзин ҳақыйқый сәўлелендиреди. Көпшилик фильмлердеги Арал ҳәм Арал бойы ҳаққындағы көп жыллық туўрыдан-туўры алып барылған хроникалық визуал репортажлардың бундай бир пүтин болып биригиўи авторлар сүўретке алып атырған ҳәдийселердиң ҳақыйқатқа сөзсиз туўры келетуғынлығын көрсетеди. Бул